ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЬЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№85 (21.743) ● 2010 гъэм накъыгъэм (майм) и 12, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

●Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Медведев Дмитрийрэ Асад Башаррэ зэпсалъэ.

Къанокъуэ Арсен урысей лIыкIуэхэм яхэтщ

Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий Къуэкlыпlэ Гъэрэгъуэм щыlэ къэралхэр къыдэкlуэхь. Къэралым и унафэщlым щlыгъуэхэм яхэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент Кьанокъуэ Арсен.

МЕДВЕДЕВ Дмитрий Дамаск къалэм щепсэльащ Сирием и къэралым унафэщIхэм. Абыхэм къарикIуахэм япкъ иткIэ, къэралитIым зэращIыдлАщ IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм, зы къэралым уикIыу адрейм ихъуэхьыгъэкIэ укIуэфу щытыныр-рэ хьыбарегъащIэ Iэмалхэмрэ къыщыщIэдзауэ туризмэмрэ дыкъэзыуихьуреихь дунейр хьымэныр-рэ нэсу, щыIэдэлажьэныр теухуа зэгурыIуэныгъэхэр. КъэралитIым я унафэщIхэр зытепсэлъыхьа Iуэхугъуэхэр куэд мэхъу. «Гульыгъ нэхъыщхьэ зыхуащIахэм ящыщI сату-экономикэ, гуманитарнэ зэпыщIэныгъэхэр, къэрал кIуэцI политикэм теухуауэ зэпсэлъэныр, дзэ-техникэ, IэнатIэм щыгъэдэлажьэныр, Къэкlыпlэ Гъэнэгъуэм щыщIэ щытыкIэр егъэфIэкIуэныр, апхуэдэуи зэрыщыту я щIыналъэм пыщIа Iуэхухэр», - жиIащ УФ-м и Президентым и дэIепыкъэгъу Приходькэ Сергей.

Медведев Дмитрийрэ Асад Башаррэ апхуэдэуи тепсэлъыхьащ щIыхухэр псэкIэ нэхъ къулей хьуным, щIэныгъэфI ягъуэтыным, гъэсэныгъэ дахэ яхэлъыным, жылагъуэ Iуэхухэм жыджэру хэтыным хуэлажьэ IэнатIэхэм зэращIэу щытыным. Дыдэрэт илъэсым и гъатхэпэ маузм УФ-м щэнхабзэмкIэ и министр Авдеев Александр Дамаск щыщыIам Iэ традзауэ щытащ 2010 - 2012 гъэхэм ЩэнхабзэмкIэ зэдэлэжьэным теухуа программэм. Абы, псалъэм папщIэ, хохьэ 2011 гъэм урысей щэнхабзэм и маухуэкъэ - Сирием, 2012 гъэм сирие щэнхабзэм и мафхэр Урысейм щегъэжьагъэныр.

Урысей унафэщIхэм ящыщу УФ-м и Президент Медведев Дмитрийщ къэрал Iуэху и пщэ дэлъу Сирием япэу кIуар. Накьыгъэм и 11-м и пщыхьэщхьэм ди къэралым и Унафэщlыр Тыркум кIуащ. ЕкIуэкIыну зэпсэльэныгъэхэм япкъ иткIэ, Iэ традзэну я мурадщ ЗэдзэжьэныжьмкIэ Совет Нэхъыщхьэ къызэрагъэпэщыным. Абы къэралхэм Iэмалыщ Iэхэр къаритыныщ Iуэхугъуэ щхьэхуэхэмкIэ зэчэнджэщыну.

Фигу къэдгъэкIыжьынщи, Кавказ зауэм и лъэхъэнэм (1763 - 1864) Кавказ Ищхьэрэм и IэпхъуэкIаХэм я щIэблэхэм ящыщ адыгэ куэд Сириемрэ Тыркумрэ щопсэу. Мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щодж Сирием, Иорданым, Тыркум, IэнатIэм щызэдэлажьэныр, Къэкlыпlэ Гъэнэгъуэм щыщIэ щытыкIэр егъэфIэкIуэныр, апхуэдэуи зэрыщыту я щIыналъэм пыщIа Iуэхухэр», - жиIащ УФ-м и Президентым и дэIепыкъэгъу Приходькэ Сергей.

Медведев Дмитрийрэ Асад Башаррэ апхуэдэуи тепсэлъыхьащ щIыхухэр псэкIэ нэхъ къулей хьуным, щIэныгъэфI ягъуэтыным, гъэсэныгъэ дахэ яхэлъыным, жылагъуэ Iуэхухэм жыджэру хэтыным хуэлажьэ IэнатIэхэм зэращIэу щытыным. Дыдэрэт илъэсым и гъатхэпэ маузм УФ-м щэнхабзэмкIэ и министр Авдеев Александр Дамаск щыщыIам Iэ традзауэ щытащ 2010 - 2012 гъэхэм ЩэнхабзэмкIэ зэдэлэжьэным теухуа программэм. Абы, псалъэм папщIэ, хохьэ 2011 гъэм урысей щэнхабзэм и маухуэкъэ - Сирием, 2012 гъэм сирие щэнхабзэм и мафхэр Урысейм щегъэжьагъэныр.

Урысей унафэщIхэм ящыщу УФ-м и Президент Медведев Дмитрийщ къэрал Iуэху и пщэ дэлъу Сирием япэу кIуар. Накьыгъэм и 11-м и пщыхьэщхьэм ди къэралым и Унафэщlыр Тыркум кIуащ. ЕкIуэкIыну зэпсэльэныгъэхэм япкъ иткIэ, Iэ традзэну я мурадщ ЗэдзэжьэныжьмкIэ Совет Нэхъыщхьэ къызэрагъэпэщыным. Абы къэралхэм Iэмалыщ Iэхэр къаритыныщ Iуэхугъуэ щхьэхуэхэмкIэ зэчэнджэщыну.

Фигу къэдгъэкIыжьынщи, Кавказ зауэм и лъэхъэнэм (1763 - 1864) Кавказ Ищхьэрэм и IэпхъуэкIаХэм я щIэблэхэм ящыщ адыгэ куэд Сириемрэ Тыркумрэ щопсэу. Мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щодж Сирием, Иорданым, Тыркум, IэнатIэм щызэдэлажьэныр, Къэкlыпlэ Гъэнэгъуэм щыщIэ щытыкIэр егъэфIэкIуэныр, апхуэдэуи зэрыщыту я щIыналъэм пыщIа Iуэхухэр», - жиIащ УФ-м и Президентым и дэIепыкъэгъу Приходькэ Сергей.

Медведев Дмитрийрэ Асад Башаррэ апхуэдэуи тепсэлъыхьащ щIыхухэр псэкIэ нэхъ къулей хьуным, щIэныгъэфI ягъуэтыным, гъэсэныгъэ дахэ яхэлъыным, жылагъуэ Iуэхухэм жыджэру хэтыным хуэлажьэ IэнатIэхэм зэращIэу щытыным. Дыдэрэт илъэсым и гъатхэпэ маузм УФ-м щэнхабзэмкIэ и министр Авдеев Александр Дамаск щыщыIам Iэ традзауэ щытащ 2010 -

ХЬЭПЭ Мариндж,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапl эм и лэжьакIуэ.

●ФИДЕ-м и Гран-при

Адыгэ фащэр Татьянэ йокIу

Ди газетым зэрытетащи, Урысейм щыщ Косницевэ Татьянэ ФИДЕ-м и Гран-прим и ещанэ гъэхъэнэм щытекIуащ псоми кудмIэ ефIэкIыу. Зэхьэзэхуэхэр щекIуэкIар, фигу кьыдогъэкIыжри, Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэ Налшыкы.

КIЭУХ зэIущIэм Татьянэ щытекIуащ Армением щыщ Мкртчян Лилит, апхуэдэ щIыкIэкIэ очкон 9 зэхуэхьэри, зы балдрэ ныкъуэкIэ щхьэпрыкIащ етIуанэ увыпIэ зыубыда Ифань Хоу. Ещанэ, еплIанэ увыпIэхэр ягъусащ Курджым щыщ Дзагнидзе Нанэрэ Швецием къикIа Крамлинг Пиарэ.

Дунейпсо шахмат зэпеуэхэр зэхуэщIыжьыным ехьэлIа Iуэхуэхэр «Синдика» интурхьэщIэщым щекIуэкIащ. КъБР-м и Президент **Кьанокъуэ Арсен** абы къыщыщIэсалъэм къыхигъэщхьэхуIащ спорт зэпеуэ инхэр кьыдэзгъэпэщыным Къэбэрдей-Балъкъэрым и дежкIэ мыхьэнэщхуэ зэриIэр: «ЩIыхубзхэм шахматымкIэ я Гран-при зэпеуэр зэредгъэкIуэкIар ди дежкIэ уасэ зимыIэщ. Апхуэдэ зэхьэзэхуэхэм Урысейм и шахмат школым и пщIэр кьаIэт, абы кьыдэкIуэуи дунейпсо зэпыщIэныгъэхэр ягъэбыдэ, Кавказ Ищхьэрэр, пыухыкIауэ жыпIэмэ, ди Къэбэрдей-Балъкъэрыр цIэрыIуэ ящI. А псоми кьадэкIуэу, Налшык иригушхуэ хьунущ ди деж дуней псом и шахматист нэхъ Iэзэ дыдэхэр зэрыщыIэдэджэгуамикIи Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм аргуэру урысей шахматисткэ зэрыщытекIуам».

КъБР-м и Iэтащхьэм апхуэдэу кьыхигъэбелджылыкIащ республикэр дяпэкIи гъащIэм мыхьэнэ и дыдэ щыIэ и унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм иджыри куэдрэ кьыдэзыщыIэщынур. «Дэ дыдэ щыIэ и унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм иджыри куэдрэ кьыдэзыщыIэщынур. Ар хабзэфI тхуэхъуными», - жиIащ абы.

(КIэухыр 3-нэ нап.).

●Гуфlэгъуэ репортаж

Къэбэрдей-Балъкъэрым ТекIуэныгъэ Иныр щагъэлъапIэ

МафIэ мыужьыхьыжым деж.

Мафlэ мыужьыхьыжым

ИужЬ илъэс 20-м иджы хуэдэу Iэтауэ ТекIуэныгъэм и махуэшхуэр ди къэралым щагъэлъапIакъым, а илъэс лыгъэхэр кьыззэзыпэкIа, мамырыгъэр кьыптхуэзэуа ветеранхэм нобэ хуащIа пщIэмрэ гульытэмрэ хуэдэ куэд щIауэ ильэгъуакъым. А псоми я гур дыхэхьуэу, я дэрэжэгъуэр нэхъри иЭтауэ ТекIуэныгъэ Иныр ильэс 65-рэ зэрырикъуэм теухуа Iуэхугъуэхэм ветеранхэр хэтащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм щекIуэкIа маухуэшхуэ Iуэхугъуэ нэхьыщхьэхэм Хьэтlохъущыкъуей жыг хадэм иТмфIэ мыужьыхьыжым деж щыщIидзащ.

Пщэдджыжь дыгъэпсыр гуи ехуэбылIэрт, псэм едэхащIэрт. МафIэ мыужьыхьыжым и деж щызэхуэсат кьалэдэсхэмрэ Налшык и хьащIэхэмрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент **Кьанокъуэ Арсен,** Парламентымрэ Правительствэмрэ я Унафэщlкъэ **Чеченов Ануар, Меркулов Александр,** федеральнэ инспектору КъБР-м и щIэ **Вербицкий Александр**, Налшык къалэ администрацэм и Iэтащхьэ **Хьэгъэс Залымджэрий** сымэ зи пашэ, республикэ унафэщIхэр абыхэм къахьихьащ. Нэхъапэхэм хуэдэу, иджы пэкIи ирагъэкIуэкIакъым. Налшык кьалэм зауэмрэ лэжьыгъэмрэ, къэралыгъуэм ехьэлIа щIыхьэ зэнатIэхэмрэ я ветеранхэмрэ пенсионерхэмрэ я жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI, зауэм и ветеран **Абдулаев Мустэфа** ветеранхэмрэ тылым щылэжьахэмрэ, республикэ унафэщIхэм, кьызэхуэса псоми ТекIуэныгъэм и махуэшхуэмкIэ, «ЗауэлI щIыхьым и кьалэ» Налшык кьызэрыфIащам папщIэ екъуэхьауад.

АдэкIэ щIалэгъуалэ гупым щхьэнтIагъэм кьыхэщIыкIа Щlыхь лентIыр фэеплым ирагъэтIылъэкIащ. Iэпэу фэеплым бгъэдыхьащикIи удэгъэа Iэрамэкlэ зэщIэбла матэр ирагъэувэлIащ республикэм и Президент Къанокъуэ Арсенрэ ветеран Абдулаев Мустэфарэ, кьыкlэлъыкlуэу уда гъэгъакъэр тралькьащ Парламентымрэ Правительствэмрэ я унафэщIхэм, ветеранхэм, ныбжьыщIэхэм.

Зэгурыlуэныгъэм и Утым

ЩIыХЬМ и мафlэ мыужьыхьыжым удэ гъэгъакъэр тезыльхьа республикэ унафэщIхэмрэ ветеранхэмрэ, кьалэдэсхэмрэ хьэщIэхэмрэ хуэмурэ Зэгурыlуэныгъэм и утымкIэ яунэтIащ. Правительствэм и Унэм и гупэм деж щагъэува тIысыпIэхэм ветеранхэр ирагъэблагъащ, абыхэм республикэм и Президентыр, Правительствэмрэ Парламентымрэ я Унафэщlкъэр, нэгъуэщI кьулыкьущIэхэри яхэтIысхьащ.

Зыхуей псомкIи зэпэщу ягъэувэ псэльапIэ, гъэльэгъуапIэ утыкум кьыбгурыт экраншхуэм зауэм и лъэхъэнэхэм ухэзышэ фильмхэм я пычыгъуэхэр щагъэльагъуэрт. Ветеранхэм уахэплъэмэ, зауэ блэкIам зымащIэкIэ хуеплъэкIыжахэр, гукъэкIыжхэм зэщIыгъэхэр яхэплъагъуэрт, зи нэпс кьекIуахэр, зи гур кьызэфIэнахэри абыхэм яхэтт.

Москва и Ут Плъыжьым щекIуэкI ТекIуэныгъэ Иныр и парадым кьызэхуэсахэр кIэлъыплъыну Iэмал яIэт. Урысейм и Президент Медведев Дмитрий махуэшхуэм кьрихьэлIаХэм ехьэхьэхуа нэужь, парадым щIидзащ. ЗауэлI щIыхьым и кьалэ Налшык и Ут нэхъыщхьэм ирикIуащ Налшык дзэ гарнизоным, Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм я лIыкIуэхэр, Афган зауэм и ветеранхэр, курсантхэр, бэрэбэнауэ ныбжьыщIэхэр зыхэт гупыр. Налшык Зэгурыlуэныгъэм и утым щекIуэкIа махуэшхуэ зэхьыхьэм щыщ пычыгъуэхэр Москваи адрей кьалэхэми щальэгъуащ.

Парадыр иухри, ар зэхуэзыщIыжа щыкIуэхэм утым щитысыкIа ветеранхэм удэ гъэгъахэр Iэщlалъхьащ.

Псэльапlэм ит микрофоным бгъэдыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент **Кьанокъуэ Арсен** икIи республикэм щыпсэухэм, ветеранхэм ТекIуэныгъэм и махуэшхуэмкIэ ехьэхуэхуащ.

- Фронтым Iутахэм, илъэс лыгъэхэм я гугъуехьхэмрэ хьэзабхэмрэ зыгъэва ди нэхъыжьхэм мыухыж фIыщIэ фхудощI, зефхьа лIыгъэм папщIэ ди щхьэр фхудощхь. ТекIуэныгъэр Инщ, ар уасэ зимыIэщ. Нобэ дигу кьыдогъэкIыж ТекIуэныгъэм я гъащIэр щхьэзыхьхь хуэзыщIахэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэ, ипхъу нэхъыфIу мин 40-м щIигъу хэкIуэдащ Кавказымрэ Индылрэ щыщIэдзауэ Берлин нэс екIуэжа зауэхэм, - жиIащ Президентым. - ТекIуэныгъэм лъабжьэ хуэхъуар машIэкъым. Ауэ нэхъыщхьэр а лъэхъэнэм псори зэкъуэту дыдэрыщытарщ. ИпэжьпIэкIэ къэралым и цIыхухэр зыуэ зэкъуэту зэрыщытар аращ ТекIуэныгъэр кьызрикIуар. Ар Хэку зауэшхуэм и дерс нэхъыщхьэу кьыщIэкIынущ, икIи нобэ ди цIыхухэм я дежкIэ мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ ирапх я кьэжIуэнур.

- Сэ кьызбгъэдэкIыу, республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ я цIэкIэ зауэм и ветеранхэм, тылым щылэжьа цIыкIуэхэм. Налшык кьыхуагъэфэща пщIэр, цIэ лъапIэр кьызэрыфIащар щалэт махуэшхуэ зэхьихьэр щекIуэкIыну пэщым щыхьэ дэтхэнэ зым и дежкIи лъапIэ махуэшхуэмкIэ - ТекIуэныгъэм и махуэмкIэ - сынывохьуэхьу. Мамырыгъэ, гуапагъэрэ зэлуэпэщыгъэрэ фIэну си гуапэщ, - захуигъэзащ псоми Кьанокъуэ Арсен.

КъБР-м и Президентыр ветеранхэм яхьыхьэжри, махуэшхуэм пищащ.

Республикэм и къэрал драмэ театрхэм я актерхэм ягъэзащIа «Щlыхь пхудощI, текIуа сэлэтым!» театр гъэльэгъуэныгъэр псоми гунэс ящыхьуащ. Абы уи нэгу кьыщIигъэхьэрт бийм ебгъэрыкIуэ сэлэтхэр, зэуапIэм кьыщыхьу гуэвэгъуэхэр.

Зауэ илъэсхэм я уэрэдэр ягъэзэщIащ, композицэ гъэщIэгъуэнхэр ягъэльэгъуащ республикэм и уэрэдэкIалIэкIуэхэм, КъБКъУ-м и студентхэм. Ут Нэхъыщхьэм щекIуэкIа махуэшхуэ зэхьыхьэр гукъэкIыжхэмкIэ гъэнщIауэ, ветеранхэм дэрэжэгъуэ ягъуэтарэ хуащIа гульытэм я лъэр жан ищIауэ зэбгрыкIыжащ.

Куэд дэзыхьэха

ЛЕНИНЫМРЭ Щоджэнцыкlу Алийрэ я уэрам нэхьыщхьэхэм транспорт щызэмыкIуэу зэхуэщIати, цIыхухэм хуитУ махуэшхуэр ягъэльапIэрт. Зэгурыlуэныгъэм и Утым си нэгу щыщIэзыгъэужьахэм ящыщ кудым ищхьэрэкIэ ирагъэзыхащ. Щlыгъэдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъуэм и утым кьыкIэльыкIуэ махуэшхуэ Iуэхугъуэр щекIуэкIынути, абы ирихьэлIэмэ я гуапэт.

Утым кьыщызэхуэса кьалэдэсхэмрэ хьэщIэхэмрэ яфIэфIу едэIуащ, абы кърихьэлIа ветеранхэр, уеблэмэ щIалэгъуалэри дежьуащ зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я щIыхьуб хорым игъэзэщIа Хэку зауэшхуэм и уэрэдхэм.

«ЗауэлI щIыхьым и кьалэ»

КЪЭРАЛ концерт гъэлъэгъуапIэм и щIыхьэпIэм и ижьырабгъумкIэ щиувыкIа духовой оркестрым игъэзащIэ макъамэм цIыхухэр нэхъри зэхуэмыдэсыр. Бжэхэр зэIухащ. «Махуэшхуэмкlэ дыныводхуэзыху» ирагъэблагъэ абы щIыхьэхэр IуэныкъуитlымкIи кьыщыт школакIуэ цIыкIухэм. Налшык кьыхуагъэфэща пщIэр, цIэ лъапIэр кьызэрыфIащар щалэт махуэшхуэ зэхьихьэр щекIуэкIыну пэщым щыхьэ дэтхэнэмги «ЗауэлI щIыхьым и кьалэ Налшык» зытетха ныП цIыкIур Iэщlалъхьащ.

- ФIыуэ тлъагъу, пщIэ зыхуэтщI Хэку зауэшхуэм и ветеран лъапIэхэ, республикэм и унафэщIхэ, ди хьэщIэхэ, кьалдэсхэ. Дэ дызэхуишэсащ махуэшхуэу щыIэм я нэхъ лъапIэм - ТекIуэныгъэ Иным и махуэм. Дэ зэи тщыгъупщнукъым Совет Союзым и зауэлIхэу мамырыгъэм щIэбэнахэм зэрахьа лIыгъэр, ахэр зыхуей псомкIи кьызэзыгъэпэщу тылым щылажьахэр, - захуигъэзащ кьызэзхуэсахэм пшыхьыр езыгъэкIуэкI **Къумахуэ Мухьэдин.**

ТекIуэныгъэм и ныпым и копиер утыкум кьрахащ республикэм щекIуэкIа «ТекIуэныгъэ» зауэ-хэкупсэ джэгум, зауэ спортым многоборьемкIэ и урысей спартакиадэм щытекIуа Налшык дэт курыт еджапIэ №5-м и еджакIуэхэм.

- Ди республикэм и щыхьэр Налшык къалэ щащIащ «ЗауэлI щIыхьым и кьалэ» цIэ лъапIэр. Ар зи фIыщIэр ди нэхъыжьыфIхэрщ, - кьыпищащ Мухьэдин и псалъэм икIи утыкум кьрахьащ а цIэ лъапIэр щIэзыгъэбыдэ Урысей Федерацэм и Президентым кьыбгъэдэкI грамотэр.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщl Меркулов Александррэ зауэм и ветеран Щомахуэ Льостэнрэ.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

ДУНЕЙМ И ЛIЫХЬБАГъЭР

ЭмалыфI хуэдэщ

«РИА Новости» хьыбарегъащIэ агентствэм къызэрытыкIэ, Европэм хуэ къэрал 27-мкIэ къэралыгъуэ щыщ Iуэхухэмкlэ я Министрхэм я Совет щыщ Европэм и Парламентым Iэмэгъэкъащ къыщыкIуэ щытыкIэхэм ехьэлIа законыр къэтэжыным теухуа унафэм и проектыр.

Ар а къэралым 1981 гъэ лъандэрэ щолажь. А Iуэхум Мысырым и дежкIэ мыхьэнэщхуэ гъэкIуэнущ, ар а зэщIэлъыныгъэхэм хуит хуэзыщI мандатри иритащ.

А къэралхэр Европэм хьыхьэным и Iуэху зэкIэ зэраухэркъым, ауэ абы зэрихьуэситI хуэдизкIэ щахъумэнущ терроризмэм, щIэпхъаджащIэ гуп зэщIэхуэдэ Iуэхуэхэм папщIэ, афиян зыщIэжм) ебэн IэнатIэхэм. А илъэситIым кьрипубыдэу терроризмэм ебэныныкIэ законыщIэ кьащIэгъу, къызэрыкIыкIуэ щытыкIэхэм ехьэлIар абыкIэ яхъуэжьи я гугъэщ.

Экспертхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, Мысырым и тIасхъэщIэх, абы хуэдэн Iуэхущ Iапl эхэм я зэфIэкIми законыщIэхэм хагъэщI - ахэр щIыхь щхьэхуэм е жылагъуэ псом я гъащIэм зэретхIуэу хуэIэбэну куэдкIэ нэхъ гугъу мэхъу.

КъызэрымыкIуэ щытыкIэхэм я хабзэр Мысырым кьищтат 1981 гъэм президент Садат Анвар исламистхэм щауэкIам. ИужькIэ ар яхьуэжыну зэкъым зэрыжаIар, ауэ Iуэхур псалъэм щыфIэкIыр иджыщ.

ЗэкIужыну?

Индием къэрал щIыб Iуэхуэмкlэ и министр Самахалли Малайи Кришну баррэуэхуэм и 15-м къэрал Iуэхуэкlэ кIуэн и гугъэщ Исламабад.

Абы «Нью Дели» журналым и лъжьакIуэхэм зэражриIамкIэ, телефонкIэ щыIэпсалъэм, абыкIэ гурыIуащ Пакистаным ящыщ Iуэхуэмкlэ и министр Шах Мыхьмуд Къреш.

А зэIущIэм кьигъэщIэрэщIэжьынущ а къэралитIым 2008 гъэм щэкIуэгъуэм и 26-м кьызэпаудауэ щытА зэпыщIэныгъэ псори. А махуэм Индием и Мумбаи кьаIэщхуэм террористхэр теуэри, щIыхуи 166-рэ хэкIуэдат, щэ бжьыгъэхэр уIэгъэ ящIат. ЕщхкIэ зэщIэуэзэда гупым узрамым ирикIуэхэр, вокзалхэм, шхапIэхэм щIэсхэр зэтраукIэри, ваГъуитху зытет хьэщIэщым зыщагъэбыдэжа нэужь, жэщитI-махуитKIэ властым и зауэлIхэм кьезэуад. А Iуэхур щыIэхагъэкIым, террористхэм гупыр Пакистаным кьикIауэ кьыщIэкIат.

НОБЭ

◆ Медицинэ сестрахэм я дунейпсо махущ

◆ Накьыгъэм и 12 - 14-хэм Тюмень япэу Урысейм и щIыналъэм щекIуэкIынущ «Европэ-Урысей» 6-нэ экономикэ зэхьихьэр.

◆ 1570 гъэм Урысейм Дон къэзакьыгъуэр кьыщыунэхуащ.

◆ 1945 гъэм Налшык политехникэ техникумыр кьыщызэIуахащ.

◆ 1917 гъэм кьалъхуащ Абхазыем, КъБР-м я щIыхуб тхакIуэ, Социалист Лъжьыгъэм и Лыхужь **Шинкубэ Багърэт.**

ПлIанэзэр зыгъэхьэзырыр **ГЪУЩIО Зарифи.**

Лъэпкъ Iуащыгъэ:

Лыгъэм гугъэр и гъусэщ.

●Гу зылъытапхъэ

Iэ тезыдзэхэм я махуипщI

Федерал пощт зэпыщIэныгъэмкIэ КъБР-м и кьудамэм республикэм щыпсэу псори Iуэхущlапlэхэри ирегъэблагъэ 2010 гъэм и етIуанэ ильэс ныкъуэм газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ традзэным теухуауэ накьыгъэм и 13-м кьыщыщIэдзауэ 23-р кэсыху пощт Iуэхущlапlэхэм фыуэхь икIи уасэ пудхэмкIэ газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ тевдзэ.

«Урысейм и пощт» ФГУП-м КъБР-м щIиЭ къудамэ.

Ди газетыр къыфIэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щIэдэжьIакIуэ лъапIэхэ!

Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ соми 356-рэ кIэпIейкIи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Iуэхущlапlэ псоми.

Ди индексыр 51531

● Футбол

«Спартак-Налшык» - «Локомотив» - 1:1

Урысей Федерацэм и премьер-лигэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ, дыгъуэпщыхь Налшык щызэхэта зэIущIэм апхуэдэ бжьыгъэ кьрикIуащ. Ди щIалэхэм ящыщу топыр дигъэкIащ Леандру да Сильвэ.

«Спартак-Налшыкымрэ» «Локомотив»-мрэ я щIалэгъуалэ гупхэр зэхэмахуэ Прохаджнэ кьалэм щызэдэджэгуати, хьэщIэхэр 2:1-уэ текIуащ.

Мы зэIущIэхэр зэрекIуэкIам теухуа тхыгъэхэр пщэдей кьыдэкIыну ди газетым тетынущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

КъБР-м и Президентым и хъуэхъу.

Хьэгъэс Залымджэрий и псальэ.







Къэбэрдей-Балъкъэрым ТекIуэныгъэ Иныр щагъэлъапIэ

(КIэухыр. ПэщIэлэжьр 1-нэ нап.).

- Налшыкдзс минхэр 115-нэ шу дивизэм хэту зауэм Iухащ. Мэкъумэш лэжьакIуэхэм ерысскьыхэкIыу къыщIагъэкIыр нэхыбГэ ящащ, щIакIуэхэр, фэ вакъэхэр, нэгъэущI хьэпшыпхэр ягъэхьэзырурэ фронтым ирагъэщащ, адыгэш лъэпкъыу мин 27-рэ а псомэ хэтыжу. Ди кьалэр, лъахэр, зэрыщыту Хэкур бийм къыIэщIэзыхьыжахэм, мамырыгъэр къытхуэзыхьахэм, зауэ лъэужьхэр ягъэкIуэдыжу псори зэфIэзыгъэувэжахэм я фIыщIэщ апхуэдэ щIыхь лъагэр. Ар дэ зэи тщыгъупщэнукъым. Нобэ тхуэпсэу ди ветеран лъапIэхэм пщIэ фхудощI,- къыпищащ пшыхьыр езыгъэкIуэкIым икIи зауэм хэкIуэдахэр ягу кьагъэкIыжу зы дакьикъэкIэ пэшыр щым хъуащ.

Адэкlэ утыкум кьрагъэблэгъащ КъБР-м и Президент **Кьанокъуэ Арсен.**

- ПщIэ зыхуэтщI ди ветеранхэ, ди ныбжьэгъуфIхэ. Дэ дызэхуэсащ Iуэхугъуэ тIуащIэкIэ - ТекIуэныгъэм и махуэм, Налшык «Зауэл щыхьым и кьалэ» цIэр къыззрыфIащам кьыхэкIыу. Накъыгъэм и 4-м Урысейм и Президент Медведев Дмитрий ди лЫкIуэхэм кьаритащ а цIэ лъапIэр ди кьалащхьэм къыззрыфIащам теухуа грамотэр икIи абдеж щыщIэдзауэ Кремлым и блыным Налшык и цIэр къытещынущ. Зэман гъунэгъум Налшык и дыхьэпIэхэм ящыщ зым е кьалэкъм Налшык «Зауэлl щыхьым и кьалэ» къызэрыфIащам теуруа Унафэр зытратхэну стелэ щыщIагъэувынущ. А пщIэ лъагэр ди ветеранхэм я фIыщIэщ, ди зэкъуэтыныгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ я щапхъэщ. Мы пэшым щызэхуэсащ нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр зэтезыкьутэу мамырыгъэр къытхуэзыхьа ди нэхъыжьыфIхэр икIи фэ зефхьа хахуагъэмрэ лЫгъэмрэ мыухыж фIыщIэ хуэфащэщ, а зауэм зи гъащIэр хэзылъхьахэр зэи тщыгъупщэнкьым. Хэку зауэшхуэм и фронтым Iутащ ди лъахэгъу мин 60-м щIигъу. Абыхэм ящыщу мин 40-м щIигъу хэкIуэдащ зауэм, ар республикэм и куейхэм ящыщ зым хуэдиз мэхъу. Хэку зау эшхуэм и илъэсхэм кьагъэльэгъуа лЫгъэмрэ хахуагъэмрэ папщIэ ди лъахэгъу мин 12-м щIигъум къэрал дамыгъэхэр кьыхуагъэфащащ, абы хэм ящыщу 33-м Совет Союзым и ЛЫхъужь цIэ лъапэр кьыфIащуэ щыташ, ЩIыхь орденым и кавалерхэр 7 мэхъу. Нобэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щопсэу Хэку зауэшхуэм и ветеран 1125-рэ, - ягу кьигъэкIыжащ Президентым кьызэхуэсахэм. - Ди зэманым тхуэзэфIэкI псори длэжьын хуейщ дэтхэнэ ди ныбжьыщIэри лЭщIигъуэ куэдым кьыпхыкIа тхыдэ зиIэ кьэралыгъуэ пщIым и цIыху, ТекIуэныгъэм и ныбжьыкъуэзыкьа нэхъыжьыфIхэм я щIблэр зэрыщытыр зыхащIэн абы иригушхуэн папщIэ, - жиIащ кьызэхуэсахэм Кьанокъуэ Арсен икIи «Зауэлl щIыхьым и кьалэ» Налшык кьызэрыфIащам теухуауэ ехьэхъуэщ.

Адэкlэ утыкур хуит зыхуащIа УФ-м и федеральнэ инспектору КъБР-м щыIэ **Вербицкий Александр** Урысей Федерацэм и вице-премьер, Президентым и полномочнэ лЫкIуэу Кавказ Ищхъэрэ Федеральнэ щIыналъэм щыIэ Хлопонин Александр кьигъэхьа хьуэхьум кьеджащ: «Си гум кьыбгъэдэкIыу сынывохьуэхьу ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 65-рэ зэрырикъумкIэ. Республикэм щыпсэухэм зэи ящыгъупщэнукъым 1941-1945 зауэ илъэсхэм я гугъуехьхэм пхыкIыу ТекIуэныгъэм нэсахэр. Зыфхудогъэщхъ икIи пщIэ фхудощI. Налшык «Зауэлl щыхьым и кьалэ» цIэ лъапIэр кьызэрыфIащамкIэ сынывохьуэхьу. Кьалэ администрацэм, абы щыпсэухэм фи уафэгур зэIухарэ мамыру фыпсэуну, лъагапIэщIэхэм фыхуэкIуэну си гуапэщ», - итщ абы.

Налшык апхуэдэ пщIэ лъагэ кьыхуащIыным зи гуащIэ хэзылъхьа унафэщIхэм ящыщ Хлопонин Александр икIи ветеранхэм, республикэм и унафэщIхэм кьабгъэдэкIыу Вербицкий Александр абы фIыщIэ зэрыхуищIыр кьыхигъэщащ.

- Сыт хуэдэ гугъуехьхэм, хьэзабхэм пхыкIами, ди зауэлl кьэмылэнджэжхэр, хэкупсэ щыхухэр кьызэфIэмыщIэу ТекIуэныгъэм хущIэкъуащ. Я псэ емыбдэжу мамырыгъэр кьытхуэзыхьахэм, Хэкур хуит кьэзыщыжахэм яхэтащ ди лъахэгъуэхэри. Абыхэм ящыщу налшыкдэсхэри. Аращ 1985 гъэм накъыгъэм и 7-м Налшык Хэку зауэшхуэм и орденым и 1-нэ нагъыщэр кьыхуагъэфэщащэу щыщытар. Нобэ ди республикэм и кьалащхьэм зауэлl щыхьым и напэкIуэцIыщIэр кьызэIуех. А щыхь лъапIэр хэкIуэдахэм я фэеплъщ, тхуэпсэухэм я дамыгъэщ. Дэ тхъумэн, адэкIи дгъэбгъуэн хуейщ кьытхуагъэна хабзэ дахэр - лъэпкъхэм я мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ, - зауэигъэзащ махуэшхуэ пшыхьым кьрихьэлIахэм **Хьэгъэс Залымджэрий.**

ЯгъэлъапIэ гуфIэгъуэ тIуащIэм кьыхэкIыу, кьызэхуэсахэм псальэ гуапэхэмкIэ захуигъэзащ, гукъэкIыжхэмкIэ ядэгуэшащ Хэку зауэшхуэм и ветеран **Герасименкэ Нинэ**. Абы щIалэгъуалэр кьыхуриджащ Налшык кьыхуагъэфэща цIэ лъапIэм иригушхуэ, а щIыхь лъагэр зи фIыщIэ ветеранхэр, лэжьакIуэжьхэр ящыкьыгъупщэу я япэкIэ кIуэну, екъулIэныгъэфIхэр зыIэрагъэхьэну.

- Сэри сахэтащ «Зауэлl щыхьым и кьалэ» цIэ лъапIэр Налшык кьызэрыхуагъэфэщам и грамотэр Кремлым ди лЫкIуэхэм кьыщратам. А дакьикъэхэм сызэрыгушхуар кьэIуэтэгъуейщ. Апхуэдэ щIыхьым, пщIэ лъагэм и купщIэр зыхэтщIэу Хэкум и хьумакIуэ нэсу дыщытыну а псори кьытхуэзыхьа ди нэхъыжьыфIхэр фыкьыдогъэгугъэ, узынщагъэр фиIэу куэдрэ фытхуэпсэуну ди гуапэщ жиIащ, - Налшык и щIалэгъуалэ зэгуакьэныгъэм и унафэщI **Лу Азэмэт**.

Сыт щыгъуи хуэдэу, кьалащхьэм щекIуэкI Iуэхугъуэхэм жыджэру хэт, Зауэмрэ лэжьыгъэмрэ, Iэщэкlэ ЗэщIэуэзэда Кьарухэмрэ хабзэхьумэ Iэнатlэхэмрэ я ветеранхэм, пенсионерхэм я Налшык кьалэ зэгуакьэныгъэм и унафэщI Абдуллаев Мустэфа псальэ ираташ.

- Нобэ дгъэлъапIэ ТекIуэныгъэм и махуэшхуэм ирихьлIэу ветеранхэм кьытхуащIа гулыитэм хуэдэ зэи диIакъым. Ар кьызыбгъэдэкIа Урысейм, Кьэбэрдей-Балъкъэрым я унафэщIхэм, ветеранхэм кьабгъэдэкIыу фIыщIэщхэм иригушхуэ, махуэшхуэмкIэ сынывохьуэжьу. Псом хуэмыдэу сыхуейщ ди Президент Кьанокъуэ Арсен, Парламентымрэ Правительствэмрэ я унафэщIхэм хэхауэ фIыщIэ фхуэсщыну, ди зыужьыныгъэм, зэIуэзэпщIэм, зэкъуэтныныгъэмрэ мамырыгъэмрэ хуэунэмIа фи мурад дахэр кьывдэзыыгъын гъусэ пэжхэр кьыфкъуэту ди лъахэм, Хэкум фыхуэпэжьну .

Адэкlэ Абдуллаев Мустэфа зауэ ильэсхэм кьызэранэкIа гъуэгуанэ лыгъэхэм кIэщIу кьытеувIэри, гъуэгу захуэм тету, пэжыгъэр я гуфIэжьу ипэкIэ кIуэну, Налшык кьабгъэдэкIыу фIыщIэщхэм иригушхуэ, абы пщIэ хуащIу льагапIэщIэхэм нэсыну щIалэгъуалэр кьыхуриджащ. «Ди лъахэм и мамыр псэукIэр кьэзыгъэтIэсхьэну хуей бзаджащIэхэр щыIэщ. Апхуэдэхэм цIыхукIэ уеджэну пхуэзэфIэкIырыкьым, ахэр кьытхэтын хуейкьым. Абыхэм я адэ-анэхэмрэ кьыдальхьахэмрэ фыкьыхуэоджэ, ахэр кьызэтебгъувIэну. ЩыIэжьым зэгурыIуэныгъэрэ мамырыгъэрэ нэхъ лъапIэ», - кьыхитъэщащ Абдуллаевым.

Адэкlэ утыкур хуит хуащIащ пшыхьыр зыгъэдэхэну, кьызэхуэсахэм я гукъыдэжьыр кьэзыIэтыну ирагъэблагъа артистхэм, уэрэджыкIуэхэм, студентхэмрэ щIалэгъуалэмрэ.

«Ветеранхэр псэкIэ жьы хьуркьым» зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я цIыхубэ хорым иГъэзэщIа «Марыхьу щхьэдэхьпIэ» уэрэдым Iэгуауэщхуэ хуэIэтащ.

ГуфIэгъуэ зэIуэщIэр зэрызэхуащIыж «ТекIуэныгъэм и махуэ» уэрэдыр зыгъэзэщIари Жук Василий зи солист ветеранхэм я хорырщ. Пэшым щIэса нэхъыжьхэри нэхъыщIэхэри зэфIэту абы дежьуащ.

Зауэ ильэсхэм я уэрэдхэр

МАХУЭШХУЭ зэхьыхэм и кIэухыу Зэгурыlуэныгъэм и Утым щекIуэIащ КъБР-м и уэрэджыкIуэ цIэрыIуэхэр зыхэта «Зауэ ильэсхэм я уэрэдхэр» концерт.

ТекIуэныгъэ Иным и махуэшхуэр зыгъэдахэ хьэрэкIытIэхэмкIэ пшыхьыр иухащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.


Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

НыбжьыщIэхэм къабгъэдокI

КЪЭБЭДЕЙ-Балъкъэрым и щыхьэрым и щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм я лЫкIуэхэм ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 65-рэ зэрыриклъуэм и саугъэтхэр зауэм хэта къалэдэс псоми ираташ КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен, щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Хьэгъэс Залымджэрий, «Урысей зэкъуэт» партым и щIыналъэ къудамэм и унафэщIым я Iэхэр зыщIэдза хъуэхъу тхылъымпIэ гъэщIэрэщIахэр. Апхуэдэу абыхэм яхуэпсащ нэхъыжьхэм защIэгъэкъуэным теухуауэ яджьблагъэ ирагъэкIуэкIа щэбзэ щIыхьэхум щызэхьэса ахъшэхэм щыщу дэтхэнэми хуэзэу сом мин тхурытхукIэ. А псоми къыдэкIуэу, зауэм хэта дэтхэнэми тыгъэ хуащIащ «ТекIуэныгъэм и махуэр» тхылъ гъэщIэрэщIар. Махуэшхуэм и пэ къыхуэу ар къыдигъэкIащ Налшык и щIыпIэ адмиинистрацэм.

А тхылъым и напэкIуэцIхэм щыдолъагъу Хэку зауэшхуэм хэта налшыкдэсхэм, тылым щылэжьахэм я сурэтхэр. Тхылъым ихуащ КъБР-м и Къэрал архивым, республикэм и Лъэпкъ музейм, Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэм нэхъапэм зэи ямыгъэлъэгъуауэ щыта документхэр.

ДЗЭМЫХЬ Лилэ.

Тхыдэм хохьэ

КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен и цIэкIэ щIыналъэм кьокIуэ республикэм и щыхьэ Налшык «Зауэлl щыхьым и кьалэ» цIэ лъапIэр кьызэрыфIащам теухуа хьуэхъу телеграммэхэр.

УФ-м ФЕДЕРАЦЭМКIЭ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и Унафэщым и къудэ Герасимовэ Надеждэ кьыхигъэщхьэхъукIащ:

«А дамыгъэ лъапIэр и щыхьэтщ кьалдэсхэм ди Хэкум и щхьэхуитынныгъэм теухуа бэнэныгъэм лЫгъэшхэу зэрыщызэрахьам, Зауэмрэ лэжьыгъэмрэ щызэфIагъэкIаХэр сыт щыгъуи ягу ильынщ кьытщIэхъуэ щIэблэм. Ахэр Хэкум псэемыблэжу къулыкъу хуэщIэн зэрыхуэфIм и щапхъэщ. Мыхьэнэщхуэ эIэщ Хэкур зыхъумахэм я хахуагъэр щIалэгъуалэм и дежкIэ лЫгъэм и щапхъэу кьэнэжьыным».

Ставрополрэ Владикавказрэ я архиепископ Феофан и телеграммэм Кавказ Ищхъэрэм щекIуэкIа зэхэуэхэр ярегъапщэ Сталинград и дежь щыIа зэпэщIэтыныгъэ иным: «Кавказым щхьэкIэ екIуэкIа зэхэуэм апхуэдэ дыдэу мыхьэнэщхуэ иIащ Хэку зауэшхуэм и екIуэкIыкIэм зэпигъэзэн и лъэныкъуэкIэ. А зэхуэхэм Налшык зэхакъутащ, арщхьэкIэ абы и цIэр ТекIуэныгъэм и тхыдэм зэи кьыхэмыкIыжьыну хатхащ»,-кьыхигъэщхьэхукIащ абы. Архиепископым цIэ лъапIэр къалэм фIэщыным теухуауэ УФ-м и Президентым кьыщта унафэр ди адэщхэхэмрэ ди адэхэмрэ я лЫгъэм яхуэфащэу яхуищIа пщIэуэ кьилъытащ. «Сэ псом хуэмыдэу сохьуэхьу зауэм хэтахэм, апхуэдэу ТхьэсахуольэIу хэкIуэдахэм», - итщ телеграммэм.

«Дэ догъэлъапIэ фашизмэм и бий нэхъ еру дыдэм ТекIуэныгъэ кьыщыхьыжьа ди щIыхьхэм кьагъэлъэгъуа лЫхьужьыгъэмрэ бэшэчагъымрэ. Ар и щIыхьэтщ дэ псори дызэрызэкъуэтым, - дыкьыщоджэ УФ-м и Президентым и чэнджэщэгу Зязиков Мурат и телеграммэм. Ар лъэпкъ куэд щыпсэу Кьэбэрдей-Балъкъэрым и щIыху Iущхэм, гуащIафIэхэм кьехьуэхъуащ насып, фIыгъуэ, мамырыгъэ яIэну, зэгурыIуэу зэдэпсэуну.

ТОЛАСОВЭ Екатеринэ.

Удз гъэгъахэр тралъхьэ

ТекIуэныгъэ Иным и махуэшхуэм и пэ къихуэу, накъыгъэм и 8-м республикэм и унафэщIхэм удз гъэгъахэр тралъхьащ 115-нэ шу дивизэм и фэепIэу «Стрелка» хьэблэм дэтым.

КъБР-м и Правительствэм и Iэтащхьэм и япэ къуэдзэ Тхьэзэплъыж Мурат зи пашэ унафэщIхэмрэ къулыкъущIэхэмрэ я ужькIэ фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьащ школакIуэхэм. А цIыкIухэр ди шууейхэм ятеухуа хъыбар кIэщIым иригъэдэIуащ, я гъащIэр мамыру, езыхэр хэкупсэу дунейм и фIыгъуэр зыхащIэу лъагапIэхэм хуэкIуэну зэригуапэр яжриIащ ветеран Абдуллаев Мустэфа.

Апхуэдэу удз гъэгъахэр а махуэм тралъхьащ Лъэпкъ библиотекэм и гупэмкIэ щыIэ скверым зауэм хэкIуэда налшыкдэсхэм я фэепIэу итым, «Дубки» хьэблэм щыIэ ТекIуэныгъэм и стелэм, нэгъуэщIхэми.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантий.

Адыгэ фащэр Татьянэ йокIу

Къанокъуэ Арсенрэ Илюмжинов Кирсанрэ зэпеуэр зэхуащIыж.

(КIэухыр. ПэщIдзэр 1-нэ нап.)

ФИДЕ-м и президент Илюмжинов Кирсан кьигъэльэгъуащ урысей шахматым и къаза Нашлык зэрыхъуар - иджы етIуанэрэ урысей хьыджэбзхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкI зэхьэзэхуэ инхэм щатокIуэ. Я1пэ щIыкIэ Костенюк Александрэ Нашлык Урысейм кьыщыхуихьыжащ чемпионыгьэр. Иджы екъулIэныгьэр Косинцевэ Татьянэ ГъэсыжащI. Къалмыкъым и президентым хуитIыгъэящ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм спортым и щIымахуэ лIэужьыгьуэхэмкIэ урысей чемпионат щрагъэкIуэкIынкIэ хьуну. Абы егупсысыхьэщ Урысейм СпортымкIэ и министерствэмрэ Олимп комитетымрэ. «Дэ спорт лIэужьыгьуэхэмкIэ тфIэкIуэда екъулIэныгьэхэр зыIэрыдгъэхьажьну Iмалхэр диIэщ», - жиIащ Илюмжинов Кирсан.

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен зэпеуэ хэм щытекIуа Косинцевэ Татьянэ ерагъ мини 6,5-м я чек иритащ.

КIэух пресс-конференцым Косинцевэ Татьянэрэ етIуанэ уэрыпIэр зыубыда Ифанть Хоурэ хэтащ. Татьянэ адыгэ лъэпкъ фащэ щытыпIу къаэзыгьэхьэхьэ къыдэ хуэсахэм я гуапэ хъуащ.

Я1пэ щыкIэ абы еупщIащ: нобэрей фи партиер дауэ къыщыхъуа?

Косинцевэ Татьянэ: Сэ -Нимцович и зыхъуэмэжьы-ныгьэр- тегъэщIапIэ сщIащ. Си ныкъуэкъуэгъуэм 13-нэ кIуэрэгъуэм Г 3-уэ пешкэр кьыдигъэкIащ. Апхуэдэзу щыхъуэм сэ псынщIэу щыр естащ. Абы и жэуапым хуэхьэр сыхьэтым нэблагъэкIэ егупсысащ. Сэ зэманкIэ хуабжьу себэкIырт. Арати, си Iэпкъльэпкъыр щIэлащI, тIэуи сыщыуащ. Ауэ си ныкъуэкъуэгъуэм зэман куэд кьыхуэнэжьатэкъым. Абы щыуагъэ инхэр Iэщ1экIащ.

- Ифань, уэ етIуанэ уэрыпIэмкIэ уарэзы?

- Сыт щыгъуи я1пэ ущытырыныкъым. Зэм къыбохьэхьу, зэми пфIахьжу. Сэ сытекIуэным апхуэдэу сегупсысырхьым, си дежкIэ нэхъыщхьэр джэгукIэфI къэзгъэльэгъуэныщ.

- Татьянэ, уэ уи дежкIэ сыт хуэдэ зэIущIэра нэхъ гугъу дыдэу щытар?

- Сэ си дежкIэ нэхъыфI дыдэу щыта партиер схуэжьыIэнукъым. АрщхьэкIэ нэхъ гугъу сызыдекIуэр Крамлинг дезгъэкIуэкIа зэIущIэрщ: дэ зэман кIыхькIэ дыззэдзджэгущ. Хуабжьу сыхущIэкъуащ сытекIуэну. Юлдиз дезгъэкIуэкIа зэIущIэри хуабжьу гугъуу щытат. Сэ ар кьыстекIуэ пэтащ.

- Ифань, сыт хуэдэ партие унгу кьинэжар?

- Сэ абы сегупсысыхакъым. Сюэ Чжао кьыстекIуащ, ауэ итIани лъэ быдэкIэ сыкъэзыувыжьын схуэфIэкIащ.

- Накъыгъэм и 9-м щыхухьухэм я Гран-при щIедзэр. Хэт уэ уздэщIыну?

Косинцевэ Татьянэ: - ИнтернеткIэ сыкIэлъыплъыну аращ. Сэ хэт сыдэщIыными иджыкIэ сщIэркъым.

ДУНЕЙ псор зыкIэлъыплъа зэхьэзэхуэ инхэм хэтахэм щэч кьытрахьэркъым Нашлык аргуэру кьыхэзыкIуэнум. Абы и щыхьэтщ ди республикэм мыпхуэдэ зэпеуэкIэр щегъэкIуэкIыным гулъытэщхуэ зэрыщыхуащIыр, икIэм-икIэжым КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен мы Iуэхум теухуауэ жиIаэр.

МАХЪШОКЪУЭ Мухьэмэд.

Косинцевэ Татьянэ.

Меркулов Александр гроссмейстер Свешников Евгениий щIыхь тхыть ирет.

Чеченов Ануар йохъуэхъу Къандур Мухьэдин.

Накъыгъэм и 3-7 махуэхэм Налшык щыкIэзэхэта Я1пэ Урысейпсо кинофестивалыр, «Кавказымрэ мамырыгъэмрэ» зыфIащар, зэхуащIыжащ. Абы теухуа гуфIэгъуэ зэIущIэрэ кинофестивалым хьыхь премьерэрэ щекIуэкIащ «Эльбрус» кинотеатрым.

ХьэщIэхэмэ налшыкдэхэм кэуэ дугу зыкъызрагъэхьэлIа пшыхьыр къызIуихащ УФ-м и Кинематографистхэм я зэгухьэныгьэм и секретарь **Новожилов Сергей**.

- Кинофестивалыр къыщызэIутхым елъытауэ, ар щызэхэутщIыжым цIыху куэд кьыззрихьэлIам кьеГъэльэгъуэ къызэрыдэхьулар, - жиIащ Новожиловым икIи утыкум кьригъэблэгъащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ, кинофестивалым и къызэгъэпэщакIуэ гупым и тхьэмадэ **Меркулов Александррэ** КъБР-м и Парламентым и Унафэщ **Чеченов Ануаррэ**.

- КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ кьабгъэджкIуэ фIэхъуэ гуапэ фызох кинофестивалым хэтахэми, ар къызэгъэпэщыным, егъэкIуэкIыным зи гуащIэ хэзылъхьахэми, абы хьыхь фильмхэм еплъа дэтхэнэ зыми, - жиIащ Меркулов Александр.

- УзыщIагуфIыкIыныгъ ТекIуэныгьэ Иныр илъэс 65-рэ щрикъу махуэ лъапIэм ирихьэлIу Я1пэ Урысейпсо кинофестивалыр Налшык зэрыщыдекIуэкIар. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхьбэм, ди щылэгъуалэм Iэмал яIащ ди къэралым, абы щыпсэу цIыхубэм уасэшхуэ зыщIита икIи текIуэныгьэ хьыщIыкIа Хэку зауэшхуэм теухуа фильмхэм еплъыну, я къэухым хагъэхъуэну, я гупсысэкIэм зрагъэужьыну. Къэбэрдей-Балъкъэрыр кIуэ пэтми дуней псом нэхъ хуэзIуэа мэкIу. Мыбы щIэхщIэхыурэ щокIуэкI мыхьэнэшхуэ зиIэ дунейпсо щIэныгъэ зэхьилъэ, спорт зэхьэзэхуэ, щэнхабзэ фестиваль зэмылIэужьыгьуэхэр. Псалъэм папщIа, нобэ кинофестивалым дэщIыгъуу Налшык щызэхуащIыжа ФИДЕ-м и Саугъэт Нэхъыщхьэр зыIэрыгъэхьэныкIэ бзылъхугъэхэм шахматымкIэ я дунейпсо зэхэзэхуэм и ещанэ турнирыр. Махуэ зыбжанэ дэкIым щIидзэнущ «Урысейпсо студент гъатхэ - 2010» зыфIаща зэхьилъэшхуэр. Гъэмахуэ дызыхуэхьIуэм Налшык къыщызэIуахынущ Урысейм и щIыпIэ псомиз щыщ щIалэгъуалэм я лIыкIуэхэр щызэIущIэну лагерь.

Кинофестивалыр зэпеуэу щымыта-

фильмыр зытеухуа Рагозина Наталье кинофестивалым хэту Налшык зэрыщыIар, боксым дихьэх ныбжьыщIэхэм зэрагъуащIар, мастер-класс зэрадищIар, фильмыр щагъэльагъуэм кьырихьэлIаэхэм зэрепсэльэгър, фестивалыр щызэхуащIыжьым хэтыну зэман кьыхуудэмыгъэкIами. АдэкIэ Iэгуаущхэуэ трагъэкъутэу утыкум кърагъэблэгъащ «Черкес» фильмыр зыгъэувахэу режиссер **Къандур Мухьэдинрэ** продюсер **Бэлагъы Любэрэ** , роль нэхъыщхьэ зыгъэзэщIахэм щыщ хьэрыпI актрисэ **Бишар Сэхъар** . Абыхэм фIыщIэ хуащIащ кьызэхуэсахэм, адыгэхэрэ хьэрыпхэмрэ я тхыдэм щыщ Iыхьэ кьэзыгъэльэгъуэ фильмым Хэкужьым пщIэ кьыщыхуащIыныр абыхэм я дежкIэ зэрыльагэр жаIащ, апхуэдэуи кьыхагъэщащ Налшык щекIуэкIа кинофестивалым иужькIэ «Черкес» фильмыр Канны (Франджы) щыIэ дунейпсо кинофестивалым зэрыхэтыныр,

Киногъуазджэм и мыхьэнэр

Меркулов Александр фестивалым и дипломыр ирет Грачевский Борис.

ми, абы кьыщагъэльэгъуа фильмхэм дипломхэр хуагъэфащащ. А щIыкIэ тхыльэр Меркулов Александр ириташ Iэгуаущхэм щIэту утыкум кьрагъэблэгъа хьэщIэхэм: «Утомленные солнцем 2» фильмым папщIэ дипломыр Iэщ1альхьаш УФ-м и Кинематографистхэм я зэгухьэныгьэм и унафэщым и къудэзэ, УФ-м и цIыхубэ артист **Лаврентьев Клим** режиссерхэу Семеновэ Аленэрэ Смирнов Александрэ я «Рябиновый вальс» фильмым папщIэ дипломыр продюсер**Лядковская Викэ** ираташ, «Одна война» (режиссер нэхъыщIэкIэр Глаголевэ Верэщ) - режиссер **Габашиев Мурбекэ** фильмым щыIэ жэгуа актер **Хмуров Михаилрэ**, «Ералаш» сабий киножурналым и художественнэ унафэщI, режиссер **Грачевский Борис** икIи абы итъуэра «Крыша» фильмыр кинофестивалым зэрыхэтам папщIэ диплом ираташ. БоксымкIэ дунейпсо чемпионкэ Рагозина Наталье теухуа «Белая медведица» фильмым (режиссерыр Махаматдинов Динщ) папщIэ дипломыр Iэщ1альхьаш фильмым елэжьасэм щыщ **Бортниковэ Татьянэ**. Мыбдеж кьыхэгъэщIапхъэщ нэхъапэIуэкIэ Амман (Иордан) зэрыщагъэпэгъуар.

Я1пэ Урысейпсо кинофестивалым хэту Налшык къеблэгъа артистхэр ягъэльэпIащ КъБР-м и Парламентым къыбгъэдэкI фIэхъус тхыпльхэмкIэ.

Аэр Парламентым и Унафэщ Чеченов Ануар ириташ кинорежиссер **Къандур Мухьэдин**, хьэрыпI актрисэ **Бишар Сэхъар**, Урысейм и цIыхубэ артистхэу **Марковэ Риммэ**, **Конюховэ Татьянэ**, **Пужинэ Ларисэ**, **Чернов Юрий**, **Пятков Алексей** , УФ-м, КъБР-м щIыхь зиIэ я артист **Федоров Тимофей** сымэ.

Апхуэдэу Iэгуаущхэмрэ хэхъуэ псалъэхэмрэ щIэту зэхуаблэ гуфIэгъуэ пшыхьым кьыпащащ «Кавказымрэ мамырыгъэмрэ» Я1пэ Урысейпсо фестивалыр зэрызэхуащIыжа «Черкес» фильмыкIэ. «Эльбрус» кинотеатрым тIысыпIэ дэнэ кьэна, щытыпIэ имыIэжу егъэлеяуэ цIыху куэд кьыщызэхуэсат (уеблэмэ щIэмыхуэу щIэкIожьаэри мащIэтэхъым) адыгэ фильмым еплъын щхьэкIэ.

Урыс-Кавказ зауэм и зэранкIэ адэжь лъхьэр зыбгынэн хуей хьуа адыгэхэр Уэсмэн пащтыхьыгъуэм хиубыдэ щIыпIэ куэдым кьыщыщIидзат. Абы и гъунапкъэхэм а зэманым хьихьэу щыта Трансиорданым кьыщыхута ди лъэпкъэгъуэмэрэ ахэр зыхэхуа хьэрыпхэмрэ я зэхуащIыпхьэрт фильмыр зытеухуар.

Хьэджаз гъущ Iуэгум тет мафIэгум адыгэхэр кьумым кIуэцIрещ, щхьэнтIагъэмрэ псы уэрэсмрэ щыкуэд я лъахэр Iэщ1ыб ящIу пшахъуэщIым кьиухтахэм «Мыбдеж дауэ мыгъуэ дыщыпсэуну» жаIэурэ гъэгуум здытетым и хъуреягъыр кьапльыхь - апхуэдэ кадрхэмкIэ иублэ фильмым я1пэ щыкIэ зэхьрыпхэмрэ адыгэхэмрэ щызэпэщIоувэ (зищI зыфIэкIуэда адыгэхэм нэгъэущIхэм ящI яубыдын хуей мэхъу, зэрыпхъуакIуэхэм яфэ кьрапльу), итIанэ Нарт адыгэ щIалэмрэ (зыгъэзащIэр **Бэч Азэмэтщ** Хьинд зи цIэ бедуин пщащэмрэ (**Бишар Сэхъар**) зэхуащIа гурыщIэхэм я хьэтыркIэ зэфI мэхъуж. ЛъэпкъитIым я хабзэхэм зэбгъапщэ, зэхуэбгъадэ хъуну зыри зэмылымэ, зыр адрейм ейж дахагъэу, цIыхур эгугрыIуэу псэунымкIэ фIыуэ хэлъыр зэпалъытри, пщIэрэ лъэтэныгьэрэ яку кьыдохьэ.

Адыгэ артистхэр адыгэбзэкIэ, хьэрыпхэр хьэрыпыбзэкIэ щыпсалъэ фильмым урысыбзэкIэ ухатха титрэращ ар кьызэхуэсахэм гурыIуэгуфIэ яцIысащIар. Шэч хэмылъу, апхуэдэ бзэ зыбжанэ зыхэт съемкэхэр тыншакъым, ауэ псом нэхърэ нэхъ гугъу зезыгъэхьар, ролыр кьехъулIэным нэхъыбэу егугъуар КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Къумахуэ Мухьэдинщ. Игъэщащэ ролым инкIэ иткIэ ар бзитIымкIи - адыгэбзэкIи хьэрыпбзэкIи - псэльэн хуей хъуати, мыIеиуэ абы хэзэгъащ. Кином щыджэгуным и пIалъэ зышIу артистхэу **Фыярэ Руслан** (КъБР-м гъуэджэхэмкIэ щыIэ зиIэ лэжьакIуэщ, Абхъаз Республикэм щIыхь зиIэ и артистщ), **Шыбзыхьуэ Басир** (УФ-м щIыхь зиIэ и артистщ), Жорданым щрыщ актерхэу **Аль Абади Мухьэмэд**, **Аль Дмур Мыхьмд**, **Барахьме Джамил** сымэ я ролхэр хъарзынэу кьадэхъуащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщыр «Черкес» фильмым щыджэгъащ КъБР-м и цIыхубэ артисткэ **Щэрмэт Людмилэ** , КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Хьэмыку Жанкэрэ** Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и артисткэ **Бжэшмыз Беллэрэ**, «Хьэт» къэфакIуэ гупым хэт щIалэхэу **КIыщокъуэ Мухьэмэдэ Битокъу Вячеславрэ** , апхуэдэу абы хэтащ Къандур Мухьэдинрэ Болагатыз Любэрэ я къуэ нэхъыщIэ **Къазбэч НЫБЭЖЬ Таисэ**.

Хьэрыпи актрисэ Бишар Сэхъар. *Сурэтхэр* **КъАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Мэсейхэ я къуэ хахуэ

Лэсхэн куейм хьихьэ Ерокъуэ къуажэ щколым Мэсей Асльэндджэрий и цIэр зэрыфIащым теухуа зэ хьихьэ гуапэ иджыблагъэ екIуэкIащ.

ЗэIущIэ кьыззэригъэпэщащ икIи иригъэкIуэкIащ щколым и унафэщI Сомгъур ФатIимэ.

ХабЗэ дахэ хъуауэ, ТекIуэныгьэм и махуэшхуэм ирихьэлIу, Асльэнджэрий и фэепльу, кьуажэм итъэс кьэс щокIуэкI мотоцикл зехуэныкIэ зэхьэзэхуэ, гъунэгъу республикэхэм щыщхэри хэту. Ауэ мы гъэм екIуэкIа зэхьихьэм зэи хуэмыдэжу цIыхуэшхуэ кьрихьэлIат: кьуажэ, район унафэщIхэр, Мэсей гъэпкъыр, щкол егъэджакIуэхэмрэ нэмыкьыщIэхэмрэ, ерокъуэдэхэр, Асльэнджэрий зыцIыхуу щытахэр.

Сомгъур ФатIимэ зэIущIэр кьыззэIуиха нэужь, щкол щIыхьэпIэм и блыным фIэдза, Мэсей Асльэнджэрий и цIэр зытет пхъэбгъуэм тепхъуэ щэкI пльыжьыр Хэку зауэшхуэм и ветеран **Бекъалды Iэхьедрэ Мэсей** пъэпхъэм и нэ хьыжьыфI **Хьэкысмелрэ** трахащ.

Асльэнджэрий и гъащIэ гъэугуанэр кьызэхуэсахэм ягу кьигъэкIыжу, зэхьихьэм кьыщыпсэльащ абы и куэдыщым и къуэ **Мартин:**

- Педколледжыр кьнуха нэужь, Асльэндджэрий Ерокъуэ щколым егъэджакIуэу лэжьэн щыщIидзащ. Ауэ куэд дэмыкIыу ар районым ирадджэри, комсомол, парт лэжьакIуэ Iэнатlэ кьыхуагъэфэщащ. Хэку зауэшхуэр кьыщыхъеIам абы лэжьыгъэм порытыну хуит зыщI тхыпIэ кьаратат, ауэ и щхьэ тритльхьакъым и Хэкум кьыщIихьэщмыжьыжьи. Езым и лъэпкъ зауэм докI. Танкистхэр щагъэхьэзыр еджапIэр фIы дыдэу кьыщиухым, абы и унафэщIхэм егъэджакIуэу къагъэнэжьыну зэрамурадыр кьыжраIат, аргуэрыр имыдэу зауэм макIуэ. Асльэнджэрий псэзэпльытхьэпIэ дакьикъэ куэд кьихутащ. Ар танкист Iэкъуэтьакъуэт, взводым и командирт. Зауэр нухьыным куэд кьэмынэжауэ, 1945 гъэм и щIымахуэу, Польшэ щIыналъэм щыщыIазауэм, нэмыщэ зэрыпхъуакIуэхэм хэщIыныгъэшхуэ яритат: бронетранспортери 10, Iэщ1э-фащэ зэрыльэ автомашинэуи апхуэдизу, танки 2, гын зэрыльэ шыгу 85-рэ, нэмыщэ офицер, сэлэт куэд и танк взводымкIэ хъэбэсабэ ищIат.

Къэпсэльам зэрыжиIамкIэ, мэзаем Асльэнджэрий я пашэу танкиущ хъууэ тIас хъэщIэх здэкIуэм, апхуэдизкIэ ущIухъуэдэмыщIхъуэу зэрымыщIэкIэ зэмыщIэхэм яхэльэдати, Польшэм и кьалэ Петркъв-Къувски сыхьэт бжыгъэм и кIуэцIкIэ хуит кьащIыжат. Абы щыгъуэми нэмыщэ офицерэ сэлэту 750-рэ гъэр ящIащ, бийм я пулемет 12-рэ пушки 5-рэ, Iэщ1э-фащэ зэрыльэ автомашинэ 17 зыIэрагъэхьащ.

Суворовым и цIэр зезыльэ Уманскэ дивизэ 50-м и я1пэ танк взводым и командир, лейтенант Мэсей Iхьэ и къуэ Асльэнджэрий 1945 гъэм мазаем и 27-м Совет Союзым и Iыхьэжь цIэ лъапIэр кьыфIащащ. Ауэ езым лIыгъэрэ хахуагъэрэ кьигъэльагъуэу хэкIуэдащ, зауэр нухьыным мазитIрэ ныкъуэрэ фIэкI кьэмынэжауэ. Апхуэдэ щапхъэхэм ди щIэблэр щIэпIыкIын, ахэр щыгъуазэу кьэгъэтэджкIын хуейщ.

Асльэнджэрий нобэр кьызэсым ящыгъупщэркъым ар зауэм и пэ щIэджа педколледжым и лэжьакIуэхэм. Абы кьикIыу кьэкIуа егъэджакIуэхэмрэ студентхэмрэ зэIущIэм кьыщыпсэльащ икIи удз гъэгъахэр фэепльым трапльащ.

Зэхьихьэм еджакIуэхэми жьыджэру зыкьыщыгъэльэгъащ. ТекIуэныгьэм и махуэшхуэм ирихьэлIэу, ныбжьыщIэхэр зыдэс жьлэр, Хэкур фIыуэ яIьаГуу къэпсэтэджкIынм, нэхъыжьхэр щпIэ, нэмыс хуащIу къэгъэхъуным, щIэблэм кьуажэм и тхыдэр егъэщIэным хуэгъэпсэу щкол лэжьакIуэхэм зэпеуэ ящIащ. ЕгъэджакIуэхэм я нэIэ тету, ныб жьыщIэхэм кьуажэмрэ щколымрэ я тхыдэр зэхуахьэсыжащ: Хэку зауэшхуэм зэкIуэдахэм, абыхэм я цIыхубзэсэм, Афганистаным, Абхъазым щыIа зауэхэм зэкIуэдахэм я фэепльэ щыпI куэд, сурэтхэр щкол музейм кьрахьэлIащ, творчествэ пэжыгъэ гъэщIэгъуэнхэр зэрыщIэкIуэкIащ. Ахэр зэIущIэм щагъэльэгъуати, абы кьрихьэлIахэм яфIэгъэщIэгъуэн хуящ.

Щкол пщIантIр Ерокъуэ кьыдэкIа зауэлI куэдым я фэепльэ: хэкIуэдахэм я щIэу абдеж щахъумэ хэр щIэблэм ирагъэдж, зэрахьа лIыгъэр я щапхъэу ягъасэ. Абы илъэс куэд щIауэ дэтщ Совет Союзым и Iыхьжь цIэ лъапIэр зыхуагъэфэща Мэсей Асльэнджэрий и фэепльэ сурэт гъэжамрэ танкист хахуэу зэрыщыпсам и щыхьэт танк абрагъуэмрэ.

Зэхьихьэм хэтащ икIи кьыщыпсэльащ Iэскэн районым администрацэм и унафэщI **Мэкъуауэ Арсен,** Ерокъуэ кьуажэм и тхьэмадэ **Елей Къазбэч,** КъБР-м Егъэджэныгьэмрэ щIэныгьэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Дорожинэ Лидие,** педколледжым и унафэщым и къуэдзэ **Къарэ Хьэщащэ,** къуажэм и ветеранхэм я Советым и тхьэмадэ **Бекъалды Iэхьед**, Мэсей лъэпкъым и нэхъыжь **Хьэжысмел** сымэ, нэгъэщIэхэри.

БЕЗРОКЪУЭ Маритэ, *егъэджакIуэ.*



Щакlуэм и лlыгъэ

● Пшыхь

Иджыблагъэ Щэджэм къалэм пшыхь щекIуэкIащ. Ар теухуауэ щытащ Хэку зауэшхуэм лIыгъэрэ хахуагъэрэ щызэхьха Щакlуэ Сихьэт къызэрыхьуэ ящIащ 100 зэрырикъум. Зэхьихьэр къызэрагъэпэщащ Сихьэт и бынэу Риммэ, ХьэлIащэт, ФатIимэ, Таужан, Майе сымэ.

ЩэнХАБЗЭМКIэ уэрэн цIыхушхуэ кьекIуэлIат - Сыхьэт кьыдальхуахэр, и пхуэрылъхуэр, абыхэм я щэлIар, Щакlуэхэ я лъэпкъыр, благъэхэр, Iыхьлыхэр, зыщIыхуу щытахэр, ирагъэблэгъаахэр. Дауи, апхуэдизкIэ кьызэрекIуэлIам зэIущIэм и пщIэр нэхьри иэтырт, пшыхьыр зращIэкIым зэрыхуэфащэри кьыбжиIэрт.

Щэнхабзэмкlэ унэм и лэжьакIуэ **ТхьэмокIуэ Маринэрэ Аттаев Рашидрэ** кьызэ хуэсахэм я ягу кьагъэкIыжкащ Щакlуэ Сихьэт и гъащIэ гъэугуанэр.

Зи ныбжьыр илъэс 30-м щхьэдэха Щакlуэ Сихьэт 1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м ди щIыналъэр бийм щихьэмэну ираджэри, зауэлIым и Гъэгуанэр Берлин щихуащ. Абы хуэдэу зэхэуэ гуащIэхэм я курыкупсэм хэта, ауэ зы бииши кьытемыхуэу къэзыгъэзэжа сэлэтхэр зырызыхэхуэ.

Хэку зауэшхуэм щидзэным илъэс зыщIэлIкIэ Зеникъуэ кьуажэм щыщ пащащ зэкIуэ Пщыгъуэтыр Хужьпагуэ и ит-кьэхъури, Сихьэт ар кьишат. Абыхэм зэдагъуэта я бын закъуэм щыгуфIыкIыну хунэмысу, зауэм ягъэкIу ащ.

Зауэм Зэрыщыща лъэхъэнэм 840-нэ автомобиль батальоным, 167-нэ танк бригадэм, 226-нэ танк полкым, 331-нэ лъэсыдэ топгъауэ полкхэм хэтащ. Абы и кьалэнэ тыпIытэкъым - бинишэм зыпылIуэдзурэ зэпымыууэ зауэлIхэр, танкхэр, артиллериехэр щэхэмкIэ къызэригъэпэщыну хуейт. ЗэгурыIуэ и машинэр гагьыным дридзейри еизыр зэрыкьихуащ. Кьыбгъэдэльэда сэлэтхэм ар иукIа я гугъащ. Иужькьи куэдрэ щалэр апхуэдэ гужьеиГуэу щыткIэхэм кьихутащ. Ауэ гъэщIэгъэнэныракъэ, ар дапщэщи ажалым кьелт. Абы хуэдэ цIых уэхэм «джанэ щыгъыу кьалъхуащ», - хужаIэ. Щакlуэр Украинэр, Молдавиер, Польшэр хуит къэзыщыжа зауэлIхэм, Румыниер къэзыщтэу Берлин нэсахэм ящыщщ.

1945 гъэм псэууэ икIи узынщэу кьигъэззэкри, и унагъуэм кьыхьхьэжащ, мыгувэуи бийхэм зэтракъутахэр зэфIэзыгъэувэжхэм яхьихащ. Сыхьэт лэжьакIуэшхуэу, хьэлIэу, зи уэрэ ихьэ Iуэхур зэфIэгъэкIыфу сыт щыгъуи зыкьыгъэльэгъуащ.

Псэужамэ, ар иригушхэнут езымрэ Хужьпагуэрэ пхъурылъху 12-рэ абыхэм я щIэблэу 22-рэ зэраIэм, ахэр гъащIэм сыт и лъэныкъуэкIи екIуу зэрыхэзагъэльэн.

Хэку зауэшхуэм Щакlуэ Сихьэт щызэрихьа лIыгъэр гулъытэщIу кьагъэнакъым. Абы «Кьигъэльэгъуэ хахуагъэм папщIэ», «Варшавэ хуит кьыдэзэрищIажам папщIэ», «Берлин кьызэрищтам папщIэ», «Германием зэрыщытекIуам папщIэ» медалхэр кьратащ.

Щакlуэхэр я лъэпкъым щыщ нэхъыжьыфI **Хьэсэн** псалъэ ират:

- Щакlуэ Сихьэт дигу кьэдгъэкIыжыну, абы и пщIэр кьэтIэтыну аращ нобэ дыщIызэхуэсар. Ди нэхъыжьхэри нэхъыщIэхэри дрогушхуэ Сихьэт хуэдэ нэхъыжьыфI ди лъэпкъым кьызэрыхэкIам, - кьыхигъэщащ кьэпсалъэм. - Ар лэжьакIуэшхуэу, кьуажэм и пщIэ щызэIэ щыхуу псэуащ. Абы щыгъуэу зауэм Щакlуэхэ ди щIалэ 22-рэ дэкIати 7-м кьагъэзэжакъым. Зы унагъуэм щыщу щIалиплI яхэтати, щым ди щхьэхуитныгьэм я псэр щIатащ. Абыхэм я лIыгъэр кьалытэри, Щэджэм кьалэм и уэрамхэм ящыщ зым Щакlуэ зэкъуэшхэм я цIэр фIащауэ зэрехьэ. Ди щхьэхуитныгьэмрэ мамыр гъащIэмрэ папщIэ абыхэм зэрахьа лIыгъэр зэхэт тщIымыгъупщIу, дахуэфащэу, апхуэдэ зауэ щIэблэм ямылъагъуу дыпсэуну Тхъэм жиIэ!

- Зэгуущэр зытеухуа Щакlуэ Сихьэт Налшык щыщIэдзауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым къыбгъэдэкI фIэхъус тхыпльхэмкIэ.

Аэр Парламентым и УнафэщI Чеченов Ануар ириташ кинорежиссер **Къандур Мухьэдин**, хьэрыпI актрисэ **Бишар Сэхъар**, Урысейм и цIыхубэ артисткэу **Марковэ Риммэ**, **Конюховэ Татьянэ**, **Пужинэ Ларисэ**, **Чернов Юрий**, **Пятков Алексей** , УФ-м, КъБР-м щIыхь зиIэ я артист **Федоров Тимофей** сымэ.

Апхуэдэу Iэгуаущхэмрэ псалъэхэмрэ щIэту зэхуаблэ гуфIэгъуэ пшыхьым кьыпащащ «Кавказымрэ мамырыгъэмрэ» Я1пэ Урысейпсо фестивалыр зэрызэхуащIыжа «Черкес» фильмыкIэ. «Эльбрус» кинотеатрым тIысыпIэ дэнэ кьэна, щытыпIэ имыIэжу егъэлеяуэ цIыху куэд кьыщызэхуэсат (уеблэмэ щIэмыхуэу щIэкIожьаэри мащIэтэхъым) адыгэ фильмым еплъын щхьэкIэ.

Урыс-Кавказ зауэм и зэранкIэ адэжь лъхьэр зыбгынэн хуей хьуа адыгэхэр Уэсмэн пащтыхьыгъуэм хиубыдэ щIыпIэ куэдым кьыщыщIидзат. Абы и гъунапкъэхэм а зэманым хьихьэу щыта Трансиорданым кьыщыхута ди лъэпкъэгъуэмэрэ ахэр зыхэхуа хьэрыпхэмрэ я зэхуащIыпхьэрт фильмыр зытеухуар.

Хьэджаз гъущ Iуэгум тет мафIэгум адыгэхэр кьумым кIуэцIреш, щхьэнтIагъэмрэ псы уэрэсмрэ щыкуэд я лъахэр Iэщ1ыб ящIу пшахъуэщIым кьиухтахэм «Мыбдеж дауэ мыгъуэ дыщыпсэуну» жаIэурэ гъэгуум здытетым и хъуреягъыр кьапльыхь - апхуэдэ кадрхэмкIэ иублэ фильмым я1пэ щыкIэ зэхьрыпхэмрэ адыгэхэмрэ щызэпэщIоувэ (зищI зыфIэкIуэда адыгэхэм нэгъэущIхэм ящI яубыдын хуей мэхъу, зэрыпхъуакIуэхэм яфэ кьрапльу), итIанэ Нарт адыгэ щIалэмрэ (зыгъэзащIэр **Бэч Азэмэтщ** Хьинд зи цIэ бедуин пщащэмрэ (**Бишар Сэхъар**) зэхуащIа гурыщIэхэм я хьэтыркIэ зэфI мэхъуж. ЛъэпкъитIым я хабзэхэм зэбгъапщэ, зэхуэбгъадэ хъуну зыри зэмылымэ, зыр адрейм ейж дахагъэу, цIыхур эгугрыIуэу псэунымкIэ фIыуэ хэлъыр зэпалъытри, пщIэрэ лъэтэныгьэрэ яку кьыдохьэ.

Адыгэ артистхэр адыгэбзэкIэ, хьэрыпхэр хьэрыпыбзэкIэ щыпсалъэ фильмым урысыбзэкIэ ухатха титрэращ ар кьызэхуэсахэм гурыIуэгуфIэ яцIысащIар. Шэч хэмылъу, апхуэдэ бзэ зыбжанэ зыхэт съемкэхэр тыншакъым, ауэ псом нэхърэ нэхъ гугъу зезыгъэхьар, ролыр кьехъулIэным нэхъыбэу егугъуар КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Къумахуэ Мухьэдинщ. Игъэщащэ ролым инкIэ иткIэ ар бзитIымкIи - адыгэбзэкIи хьэрыпбзэкIи - псэльэн хуей хъуати, мыIеиуэ абы хэзэгъащ. Кином щыджэгунym и пIалъэ зышIу артистхэу **Фыярэ Руслан** (КъБР-м гъуэджэхэмкIэ щыIэ зиIэ лэжьакIуэщ, Абхъаз Республикэм щIыхь зиIэ и артистщ), **Шыбзыхьуэ Басир** (УФ-м щIыхь зиIэ и артистщ), Жорданым щрыщ актерхэу **Аль Абади Мухьэмэд**, **Аль Дмур Мыхьмд**, **Барахьме Джамил** сымэ я ролхэр хъарзынэу кьадэхъуащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщыр «Черкес» фильмым щыджэгъащ КъБР-м и цIыхубэ артисткэ **Щэрмэт Людмилэ** , КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Хьэмыку Жанкэрэ** Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и артисткэ **Бжэшмыз Беллэрэ**, «Хьэт» къэфакIуэ гупым хэт щIалэхэу **КIыщокъуэ Мухьэмэдэ Битокъу Вячеславрэ** , апхуэдэу абы хэтащ Къандур Мухьэдинрэ Болагатыз Любэрэ я къуэ нэхъыщIэ **Къазбэч НЫБЭЖЬ Таисэ**.

Рейхстат «и пщIэр» бубыдащ. Зауэ гуащIэм хэпха уэхэм Уэ уи гъащIэр кIэщI ящIащ. Кьыщхьэщыхьэри гуауэр льаахэм,

Уи мурадэр лъэлъэ жащ.

Ауэ зэи кIуэдыжьнкъым ЛIыгъэу гъащIэм щыпхэльар. Зэи Iей пхужиIэрынкъым Зэ я нэхъ мыхъумэ уи гъусам. Уи пхъурылъхуэр дрогушхуэ ЩIыхь дамыгъэу кьэблэжьам, Тщхъыр ахэр насыпышхъ уэ Уи хажьагъэм щIэдэIуам. Майм и 9-р ар махуэшхэщ, Гефуэнтъэр кьышащарщ. Псэм кьыщыхьыр уэ я махуэм ЕтIуанэу укьалъхуа.

Бын дэтхэнэри дыбгъафIэу Щыщытахэр дигу кьокIыж, Кьыщжепlахэр тщымытлущэу Щ1эблэ кьэхъум жьдоIэж.

Сыхьэт ипхъу **Майе** зэIущIэм кьрихьэлIахэм фIыщIэ яхуищу захуигъэзащ икIи и адэм кьыхуIуэгъэжащ я щытахэмкIэ кьызэхуэсахэм ядагъэушащ.

Щэджэм районым Зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм и советым и унафэщI **Iэрыпщэ

●Футбол

Бэнэныгъэр гуащІэ.

Пенальтир ди гъэм къыдагъэкІ.

«Зенит» (Санкт-Петербург) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 3:1 (0:0). Санкт-Петербург. «Петровский» стадион. Накъыгъэм и 6-м. Цыху 21 500-рэ еплъащ.

Фіы псори зэгуэр еух

Судьяхэр: КАЗЬМЕНКЭ. Хачатуров (пІури Дон Іус Ростов щыщ), Богач (Люберцы).

«Зенит»: Малафеев, Губочан, Ломбертс, Крижанац, Анюков, Широков, Денисов, Быстров (Ионов, 80), Хусти (Файзулин, 56), Данни (Канунников, 85), Кержаков.

«Спартак-Налшык»: Фредриксон, Филатов, Васин, Джудович, Амисулашвили, Джатэрыкъ, Концедалов (Маляров, 68), Щаницин, Гогуэ (Бикмаев, 79), Дядюн, Сирадзе (Русич, 56).

Топхэр дагъэкІащ: Быстровым, 65 - 1:0. Широковым (пенальтикІэ), 71 - 2:0. Данни, 74 - 3:0. Маляровым, 90 - 3:1.

Дагъуэ хуащІащ Губочан, Ломбертс, Широковым, Гогуэ.

«СПАРТАК-Налшыкымрэ» Санкт-Петербург и «Зенит»-мрэ я зэлъущІэхэр сытым дежи удэзыихэх, топ куэд щыдагъэкІ мэхъу. Апхуэдэу зэрыхьунум шэч хэлътэкъым накъыгъэм и 6-м Санкт-Петербург щекІуэкІари. Псом хуэмыдэжку зэлъущІэм щызэхэкІын хуеят премьер-лигэм щекІуэкІ зэхъеэзэхуэм пашэ щыхъунур, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, зэхъэрхуэрэгъуэхэм турнир таблицэм япэ увыпІитІыр щаІыгъг.

Джэгум зэрыщІидзэу, хэгъэрейхэм зэрахуэфащэу, «Зенит»-м ебгъэрыкІуэн щидзащ. Данни штрафнойм щихьэм ди гъуащхьэтетхэм къагъэуывыІащ. Абы и жэуапу Щаницыныр Малафеевым и гъуэм екІуэлІащ, арщхьэкІэ топыр гъуащхьэтетым тыншу къыщІатащ. Къыкіэлъыкіуэ дакъикъэ зыбжанэм джэгупІэ губгъуэм тепщэныгъэр щаубыдащ «Зенит»-м и футболистхэм икІи ебгъэрыкІуэныгъэ шынагъуэ зыбжанэ къыдэзрагъэпэщащ.

Апхуэдэу жыджэру джэгур къыщІэзыдза хэгъэрейхэм налшыкдэсхэр къапикІуэтын мурад яІэтэкъым. Ебланэ дакъикъэр екІуэкІыу топыр къызыІэрыхьа Гогуэ санктпетербургдэсхэм я гъуащхьэхъумэхэм къапекІуэкІри, льэщу УФ-м и командэ къыхэхам и гъуащхьэтет Малафеевым и гъуэм еуащ. Топыр сантиметр зыбжанэкІэ пкъом блэльэтащ. «Зенит»-м и льэныкъуэмкІэ зыщызыгъэбыда «Спартак-Налшыкым» хэгъэрейхэм псэхугъуэ яритырэтэкъым, уеблэмэ гъуэмкІэ щауна тІи къэкъурт, Апхуэдэу 13-нэ дакъикъэр екІуэкІыу Губочан Іэщіэкіауэ Малафеевым хуэкІуэ Щаницыныр гъуащхьэтетым ирируду фІэкІа къыхэгъэувыІакъым, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, санктпетербургдэсхэм наІуэу хаб-зэр къызэрызэпаудар судья нэхъыщхьэ Казьменкэ гулыьтэншэу кьитІэнащ.

ЗэлъущІэм и япэ Іыхьэм хухахэа зэманыр и кІэм нэблэгъэху премьер-лигэм щынэхь льэщ командитІым джэгукІэ жьыджэр кьагъэ льагъуэу, гъуащхьэхъумэхэми гъуащхьэтетхэми Іэжьыгъэшхуэ ягъэзащІэу екІуэкІащ, 39-нэ дакъикъэм ди щІалэхэм бжьыгъэ къызэІуахыну иджыри зы Іэмалыфі яІащ. Сирадзе топым кьеуа нэуж, ар къызыІэрыхьа Дядюн гъуэм щыхуэмІуэм Малафеевыр штрафнойм кьикІри абы зыпэщІидзащ икІи и Іэ сэмэгум топыр кьытехуэри льэныкъуэкІэ льэтащ. А пычыгъуэмкІэ хэгъэрейхэм я гъуащхьэтетым и щыуагъэ хилъэгъуакъым премьер-лигэм и етІуанэ зэлъущІэ щезыгъэжьуэкІ Дон Іус Ростов щыщ судьям.

ЕтІуанэ Іыхьэр «Зенит»-м и ебгъэрыкІуэныгъэкІэ къыщІидзэжащ. Дакъикъэ зыбжанэм кьриуфыдэу зыбжанэрэ Фредриксон и гъуэм кьеуащ Широковыр, Кержаковыр, Ломбертс. Иужьрейм и ебгъэрыкІуэныгъэм фэбжь хэзыха Сирадзе ІэмалыншагъэкІэ яхьуэжьын хуей хьуащ. Абы кьыдэкІуэу хэгъэрейхэми кьарууцІэ кьахьихьащ - Хусти и пІэкІэ джэгум кьыхьхьащ ильэс зыбжанэкІэ «Спартак-Налшыкым» щыджэгуа, зи эзфІэкІыр Налшык щызэфІэува Файзулин Виктор.

Зэман кІэщІым и кІуэцІкІэ Виктор джэгум хэзэгъащ, уебгъэмэ защІэу и командэр япэ иригъэщІыну Іэмал иІащ. Данни кьрита топым Іэзэу кІигъэсэбэпри, абы налшыкдэсхэм я гъуэм иунэтІащ, арщхьэкІэ абы зыпэщІэзыдза Фредриксон ебгъэрыкІуэныгъэр кьигъэувыІащ. ЗэлъущІэр къэзыгъэщІэрэщІэжа Файзулиным и лэжьыгъэр абдеж щихухакъым. Быстровымрэ абырэ топыр зэІэпахыурэ хьэщІэхэм я штрафнойм ихьащ икІи иужьрейуэ топым еуа Владимир бжьыгъэ къызэІуихащ. «Зенит»-р япэ изыгъэща топыр щыдагъэкІ зэманым кьриубыдэу хэгъэрейхэм ирадуадуэ Концедаловыри судьям гулъытэншэу кьитІэнащ.

Дакъикъэ зыбжанэ дэкІуэу арат етІуанэ топыр ди щІалэхэм кьыщыхудагъэкІам. Кержаковыр штрафнойм щихьэм абы бэнэныгъэ кьыдезыгъэгъэрейхэм я гъуащхьэтетым и щыуагъэ хилъэгъуакъым премьер-лигэм и етІуанэ зэлъущІэ щезыгъэжьуэкІ Дон Іус Ростов щыщ судьям.

ЕтІуанэ Іыхьэр «Зенит»-м и ебгъэрыкІуэныгъэкІэ къыщІидзэжащ. Дакъикъэ зыбжанэм кьриуб